

Chanjman yo pwopoze Sèvis Kliyantèl nan Estasyon Tren yo,

Ki Gen Ladan Yo Retire Sèvis Gichè Ki nan Estasyon yo

Metropolitan Transportation Authority (“MTA”) New York City Transit la pral fè yon odyans piblik nan kad yon chanjman nan Sèvis Gichè pou Kliyan ki nan Estasyon yo ak kouvèti pandan ajan yo pran poz pou yo manje. Pral gen yon sèvis kliyantèl ki pi efikas e ki amelyore pa deyò gichè yo ki pral ranplase sèvis nan gichè a.

Metropolitan Transportation Authority siyen yon antant ak Transit Workers United 100 konsènan avni wòl ajan an nan sistèm tren an, sa ki pral pèmèt ajan yo repnon ak bezwen ki genyen nan kesyon sèvis kliyantèl yon fason ki efikas nan estasyon tren yo. Akoz fason anviwòman estasyon tren yo ap chanje a, ajan ki nan estasyon yo pral sispann travay annand gichè yo pou yo ka bay kliyan yo sèvis nan tout estasyon an pa deyò gichè yo, sa gen ladan I nan baraj ki bay aksè ak tren an, machin pou moun achte pasaj yo, ak kote moun kanpe pou tann tren an.

Pratik kote gen yon ajan ki nan estasyon ki “anndan gichè” a se yon pratik ki la depi nan peryòd kote moun te konn sèvi ak jeton, e chanjman sa a reprezante yon modénizasyon wòl la, kote ajan yo sòti pa deyò gichè yo pou yo ka pi byen repnon ak bezwen ki genyen nan kesyon sèvis kliyantèl nan yon estasyon k ap bay sèvis nan 21yèm Syèk la. Olye pou ajan an chita nan gichè a pou I ap fè tranzaksyon MetroCard, nouvo wòl ajan k ap travay nan estasyon an se pral bay kliyan an sèvis pa deyò gichè a. Ajan k ap travay nan estasyon yo ap retounen kote yo peye pasaj la lè sa nesesè pou yo ede kliyan ki pa ka itilize baraj ki bay aksè ak tren an oswa AutoGate la.

Chak estasyon gen anplwaye 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn kounye a, e sa ap rete konsa nan peryòd sa yo, sof nan moman kote ajan an pran poz pou I al manje. Ta dwe gen enfomasyon ki disponib konsènan fason pou yon moun jwenn èd pandan anplwaye a pran poz pou I al manje, pa egzanp sa ap posib grasa itilizasyon yon entèfòn Help Point. Nan moman an, lè yon ajan ki toujou ap travay nan yon estasyon pran poz pou I al manje, ajan ki nan estasyon ki la pou fè ranplasman yo vin kouvari pou li nan gichè a. Sistèm kote yon ajan vin kouvari pou yon lòt la ap toujou rete nan nouvo modèl sèvis kliyantèl a.

Anrapò ak chanjman sa yo, pral gen yon odyans piblik konsènan chanjman nan sèvis nan gichè pou kliyan yo ak retire yo pral retire sistèm moun kouvari pou moun pandan poz pou manje yo.

Dat, Lè ak Lokal kote Odyans lan ap fèt

Mèkredi 1ye Fevriye 2023

Odyans lan ap kòmanse a 6:00 p.m. — Moun k ap fè deplasman pou vin patisipe k ap enskri nan lokal odyans lan awp fèt la ap ka fè sa apati 5:30 p.m. pou rive 6:30 p.m.

Metropolitan Transportation Authority

2 Broadway, 20th Floor – William J. Ronan Board Room

New York, NY 10004

Enskripsiyan pou pran lapawòl la ka fèt alavans sou sit entènèt la kote enskripsiyan an ap rete ouvri rive jis nan dat odyans lan.

Odyans lan ap fèt sou Zoom e l ap an dirèk sou <https://youtu.be/VskrAU8sc8A> Moun ki vle patisipe nan odyans lan ka fè sa:

Sou Òdinatè/Tablèt/Telefòn Entèlijan: Piblik la ka konekte nan odyans lan sou Zoom oswa yo ka rele (877) 853-5247 (ID Reyinyon: 868 0977 6902 Modpas: 6763366941). Ap gen yon lyen k ap disponib sou sit entènèt MTA a.

Nan Telefòn: Konpoze: +1 877 853 5247 (Gratis) ID Wèbinè a: 868 0977 6902 # aprè sa a #

Pou w jwenn plis enfomasyon, pou w enskri alavans pou w Pran Lapawòl, oswa pou w voye yon Kòmantè ale

Moun ki vle enskri alavans pou yo pran lapawòl nan Odyans Piblik la dwe enskri sou sit entènèt la, kòmantè kote moun nan itilize vwa I la ap ka dire twa (3) minit pou pi plis. Ou ka bay temwayaj alorla oswa fè deklarasyon alekri pito oswa pou w ajoute sou temwayaj oral ki konsène pwojè yo pwopoze a. N ap aksepte kòmantè alekri yo anliy. Kòmantè yo ka ale pa lapòs tou, voye I nan: MTA Government & Community Relations, Attn: Elimination of Station Booth Service, 2 Broadway, B20.81, New York, NY 10004

Tout kòmantè alekri ak sa ki fèt anliy yo dwe rive disi 1ye Fevriye 2023, a 11:59 p.m.

Kòmantè nou resevwa aprè dat ak lè sa a p ap valab.

Sèvis Aksesiblite ak Sèvis Èd pou kesyon Lang

Ap gen sèvis Soutitraj ak Lang Siy Ameriken k ap disponib nan odyans piblik la k ap fèt alafwa anliy ak an pèsòn.

Manm nan piblik la ki soud oswa ki tandé di yo ka itilize sèvis transmisyon yo vle a oswa yo ka itilize sèvis transmisyon gratis 711 lan, epi mande pou yo konekte yo nan nimewo Odyans Piblik lan ki se (646) 252-6777 pou yo pale ak yon ajan.

Manm nan piblik lan ki pa avèg oswa ki pa wè byen ka fè yon demann anliy pou yo fè aranjman pou yo, yo ka fè sa a sou <https://new.mta.info/transparency/station-booth-hearing> anvan 25 janvye 2023 oubyen rele **liy dirèk pou odyans piblik la nan 646-252-6777. Ajan yo disponib apati 6 a.m pou rive 10 p.m. chak jou.**

Moun ki nan piblik la ki pa gen aksè ak yon òdinatè oswa ki pa gen aksè ak Entènèt ka koute odyans lan lè yo rele 1-877-853 5247 (gratis) epi antre ID Wèbinè a ki se: 868 0977 6902, aprè sa antre dyèz (#), epi antre siy dyèz (#) la ankò.

Si w bezwen èd pou kesyon lang oswa nenpòt lòt aranjman, tanpri voye yon demann omwen senk jou ouvrab anvan dat odyans lan nan youn nan fason ki vin annapre yo: sou entènèt, rele nan liy dirèk odyans piblik lan ki se 646-252-6777, oswa voye yon lèt nan: MTA Government & Community Relations, Attn: Elimination of Station Booth Service, 2 Broadway, B20.81, New York, NY 10004. MTA ap bay sèvis entèpretasyon ak tradiksyon pou moun ki fè demann atan pou yo jwenn èd nan kesyon lang.



Metropolitan Transportation Authority

www.mta.info

